# «BALA» KONCEPTÍNÍŃ ÍZZERTLENÍWÍ

*Djoldasova Sayora Azamatovna*
*Àjiniyaz atındaği NMPI, Tayanısh doctoranturasınıń*
*10.00.03- Qaraqalpaq tili qániygeligi 1-basqısh doctorantı*

Sońğı jılları turli konceptlerdi izertlew házirgi tiltanıwdıń eń aktual teması bolmaqta. Koncept mádeniyattanıw, siyasattanıw, etnopsixologiya, kognitiv tiltanıw, sociologiya, lingvomádeniyattanıw hám usı sıyaqlı bir qatar pánlerdiń izertlew obyekti bolıp esaplanadı. Koncept– lingvomádeniyattanıwdıń izertlew obyekti.Ol tildegi mádeniyattıń tikarği korinislerin izertleytin negizgi uğımlarınıń biri retinde kórsetiledi.

Lingvomádeniyattanıw – XX ásirdiń sońında tiltanıw menen mádeniyattanıwdıń birlesiwinde payda bolğan ilim tarawı bolıp esaplanadı, til menen mádeniyat arasındağı baylanıstı izertlep dodalaydı. Lingvomádeniyattanıw tarawında ilimiy jumıslar alıp barğan alımlar: A. Vejbickaya, S.G. Vorkachev, V.I. Karasik, V.A. Maslova, G.G.Slıshkin, D.U.Ashurova, Sh.S. Safarov, Sh.Abdinazimov hám tağı da basqa ilimpazlar bolıp tabıladı. Hazirgi tiltanıwda koncepttıń mánisin ańlatatın bir neshe kózqaraslar, ańlatpalar bar. Latın tilinen alınğan *konceptus* sózi kobinese mazmun, uğım ya bolmasa uğıw mánilerin bildiredi. Hazirgi filosofiyalıq sózlikte mınaday túsindirme berilgen: «Uğımnıń mazmunı onıń til formasındağı korinisı. Koncept uğımında korinis tapqan ontologiya» ”[1:127].

A.A.Zenyukovanıń pikiri boyınsha rus tilinde bul termindi birinshilerden bolıp S.A. Askoldov 1928-jılı «Sóz hám koncept» maqalasında qollanğan. ”[2:127].

D.U.Ashurovanıń pikiri boyınsha kognitivlik tiltanıw – bul….. <<adam tajriybesiniń mentallıq procesin hám onıń natiyjelerin ilimiy izertlewide, tiltanıw tarawında tiykarlanadı. Kognitivlık tiltanıwdıń mánisi – bul tilde kognitivlik tiltanıwdi tildi kognitiv mexanizm sıpatında qaraw”[3:27]. Demek, koncept lingvomádeniyattanıw hám kognitiv tarawlarınıń áhmiyetli uğımı bolıp esaplanadı, sebebi ol til menen madeniyattıń baylanısın, sonday-aq, adam tajriybesınıń mentallıq barısın kórsetedi. «Koncept» termini birinshi ret ilimge 1928- jılı kirip kelgen, onıń jedel qollanılıwı hám túsindiriliwi tek ğana XX jıllardıń ayağında izertlewshilerdıń miynetleri nátiyjesinde baslandı. Hazirgi tiltanıwda kocept túsınigı oylawdıń tiykarı retinde dodalanıladı hám ol til arqalı bilim menen mádeniy mazmundı jetkeredi.

Tilshilerdiń kózqarasında, Anna Verjbitckaya tárepinen ótkerilgen izleniwlerde júda mazmunlı, olar sózsiz kognitiv til bilimi hám etnolingvistikağa jaqın. A. Verjbitskaya, “Mádaniyatlardıń gilt sózler arqalı túsiniliwi-bul koncept” deydi. ”[4:127]. Ol til arqalı mádaniyat túsinigin bahalaw ushın bir neshe metodikalıq principlerin belgilegen. Onıń pikiri boyınsha, izertlewshi hárqanday sózdi paydalanıw mádaniyat ushın gilt dep esaplap, konceptuallıq izertlewlerge itibardı kúsheytiw kerek degen.

Álbette, tilde gilt sózlerdi tabıw múmkinshiligi bar, olar « analizlene alatuğın hám mádeniy bólimlerge ajırala alatuğın uğım»- dep qaraladı.

A. Verjbitskaya, gılt sózdiń ashılıw procedurası formalizaciyalanbawı tábiyiy, biraq bir sózdı mádaniyat ushın gilt dep belgilew usulların kórsetedi.

Uluma alğanda, kognitiv tiltanıw sferasında ótkerilgen izleniwler adamnıń konceptual dizimine tiykar antropometrik hám mádaniyatqa tán ekenligin kórsetedi.

Qaraqalpaq tilinde «bala» sózi tek ğana biologiyalıq jas penen baylanıslı emes, ol mádeniy, ruwxıy hám ózine tán ózgeshelikler menen baylanıslı. Bala xalıqtıń keleshegi retinde qabıl etiledi hám onıń tarbiyasi, onıń ruwxıy hám aqılıy dawamı qaraqalpaq xalqı ushın eń mańızlı máselelerden biri bolıp esaplanadı.

«bala» konsepti degenimiz ne, onıń leksikalıq mánisi, semantikaliq ózgeshelikleri hám mádeniy ornı qanday ,- degen soraw tuwıladı.

Qaraqalpaq tilinde «bala» konsepti bir neshe terminler menen bildiriledi, hám olar hár túrli mánası hám stilistikalıq ayrıqshalıqlarğa iye. Mısalı,balalar, jas náreste,geyde qız bala da,ya er bala da ulıwmalıq atama menen «bala» dep ataladı.Al,ayırım waqıtlarda bala, náreste, bóbek, gódek hám basqa da til birlikleri arqalı da ańlatıladı.

Qaraqalpaq xalqı balanı baylıq, shańaraǵınıń bekkemligi hám áwladlardıń jalǵasıwınıń negizi dep qaraydı.

Balaǵa tiyisli túsinikler qaraqalpaq xalıq naqıl-maqal, dástúrlerinde, awızeki danalıǵında kóp kórsetedi.«*Bala* – úydiń gúli» – bala hár bir shańaraqtıń ósip kiyatırǵan adamı, úydiń gúli dep sanaladı. «*Perzent* – ata-ananıń aynası» – ata-ana balanı qanday etip tárbiyalasa, ol sonday bolıp ósedi degen uǵımda.

«*Jaqsı bala* – ata-anaǵa maqtanısh, *jaman bala* – qayǵı» – bala jaqsı bolsa, ata-ananıń táshwishsiz otırıwı, jaman bolsa – qayǵı, mashqalalardıń kóp bolıwınázerde tutılǵan. «*Bala* – xalıqtıń keleshegi» – bala tek shańaraqtıń ǵana emes, pútkil xalıqtıń da keleshegi.

Bala menen baylanıslı dástúrler de qaraqalpaq xalqınıń qanına sińip ketken.

Qaraqalpaq xalqında balanıń dúnyaǵa keliwi hám onı tárbiwalaw menen baylanıslı kóplegen dástúrler bar:«Besik toy» – jańa tuwılǵan náresteni besikke salıw toyı bolsa,«tusaw keser» – bala dáslepki qademin basqanda ótkeriletuǵın dástúr. Al,«súnnet toy» – balanıń musulmanlıq dástúrlerinen biri, onıń dín menen baylanıslı ruwxıy úlken dárejege kóteriliwi.

Bul dástúrler qaraqalpaq xalqınıń ruwxıy hám dástúrli tıǵız baylanısın kórsetedi.

Bala– bul tazalıq hám pákliktiń simvolı bolıp ta sanaladı.Shańaraqtıń mazmunı, xalıqtıń áwladlar jalǵasıwınıń baslı belgisi retinde de sáwlelenedi.

Folklorlıq miyraslarda bolsa, «bala» konsepti arqalı jamanlıq penen jaqsılıqtıń, áwlad penen ata-babanıń baylanısı da sáwlelenedi. Bala – ata-babadan qalǵan ruwxıy baylıqtı saqlaytuǵın dáreje dep qaraladı.

Juwmaqlap aytqanda,qaraqalpaq tilinde «bala» koncepti tek jas penen baylanıslı bolǵan sóz emes, ol úlken mádeniy, ruwxıy, úrp-ádet,milliy qádiriyatlarǵa da baylanıslı mánige iye. Bala xalıqtıń keleshegi, shańaraqtıń isenimi,úmiti, ata-babalar menen baylanıstı, tutaslıqtı saqlaytuǵın úlken uǵım bolıp sanaladı.

Bul koncepttiń tildegi kórinisi tek birew-emes, ol hár turli birlikler hám terminler menen bildiriledi. Mádeniy jaǵınan bala shańaraqtıń aǵzası hám pútkil bir xalıqtıń ruwxıy baylıǵı dep qabıl etiledi.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:


Filosofiyalıq sózlik. URL. https:// gufo.me/dict/philosophy_dict/ Koncept (21.04.2022).

Qaraqalpaq folklorı/Kóp tomlıq –67-76 tomlar.- Nókis: «Ilim».-2014.-560 b.

Зенюкова А.А. Этноспецифика концепта «здоровье» в русском и британском картинах мира.

**URL:https://www.sgu.ru/sites/default/files/textdocsfiles/2015/02/26/**

Вежбицкая А. Семантические универсалии и описание языков. М.: Языки русской культуры, 1999. 780 с.

Ашурова Д.У. Новые подходы к лингвистике текста. – Хорижий филология. -№3.- Самарканд.- 2011.- 26-33 б.

Turaeva, S. M., Djuraeva, M. B., Ernazarova, M. N., & Jabborova, E. R. (2022). The Role of Instructive and Psychological Principles in Foreign Pedagogy. *Journal Of Positive School Psychology*, 9478-9486.

Turaeva, S. (2021). Cognitive factors in language learning: transfer, interference, overgeneralization. *Журнал иностранных языков и лингвистики*, *4*(9).

Mukhtorovna, T. S. (2023). Uzbekistan Plans to Promote Social Work for the Welfare of Vulnerable Children and Families.

Turaeva, Shoira Muxtarovna. (2022). LANGUAGE, LEARNING AND TEACHING. *Development and innovations in science*, 1-4.

Turaeva, Shoira Muxtorovna. (2022). IMPORTANCE OF DIDACTIC AND PSYCHOLOGICAL PRINCIPLES IN TEACHING FOREIGN LANGUAGE TEACHING IN TEXTBOOK. *Mental Enlightenment Scientific-Methodological Journal*, 343-352.

Turaeva, DI. (2021). SCIENTIFIC AND THEORETICAL FOUNATIONS OF THE LINGVOKOGNITIVE APPROACH IN TEACHING THE NATIVE LANGUAGE OF PRIMARY SCHOOL. International Journal of World Languages.

Mukhtorovna, Turaeva Shoira; Munira, Mamatqulova. (2021). *POLISH SCIENCE JOURNAL*, 354.

Mukhtorovna, T. S. (2021). Hakimova Muhoyyo Mukhtor qizi, Mamatqulova Munira Uzbekistan Plans to Promote Social Work for the Welfare of Vulnerable Children and Families. *Pindus Journal of Culture, Literature, and ELT (PJCLE)*, *10*.

Mukhtorovna, T. S. Anthropopragmatic study of phraseological units in uzbek and english languages. *Mental Enlightenment Scientific-Methodological*, *2022*(6).

Тураева, Ш. (2025). SOME THEORETICAL ISSUES IN THE COMMUNICATIVE LINGUISTICS OF THE ENGLISH LANGUAGE. *Международный мультидисциплинарный журнал исследований и разработок*, *1*(2), 62-66.

Тураева, Ш. (2025). SOME THEORETICAL ISSUES IN THE COMMUNICATIVE LINGUISTICS OF THE ENGLISH LANGUAGE. *Международный мультидисциплинарный журнал исследований и разработок*, *1*(2), 62-66.